

Vil New York (City of New York) – Amannman 26 (Enpòtan) nan Plan Aksyon pou Siklòn Sandy

Pibliye: **2 jen 2025**

Apwouve pa HUD: **TBD**

Pou Fon CDBG-DR, Lwa sou Asistans pou Dezas 2013 (P.L. 113-2)

Siklòn Sandy frappe Vil New York (City of New York) 29 oktòb 2012. Plan Aksyon Vil New York (City of New York) (Vil la) dekri kijan li pral itilize lajan li resevwa nan kad Fon Blòk pou Devlopman Kominotè – Rekiperasyon apre Dezas (CDBG-DR), ke Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (U.S. Department of Housing and Urban Development) (HUD) bay, pou sipòte rekiperasyon apre Siklòn Sandy epi pou konstwi yon vil ki pi rezilyan. Pwogram ki nan Plan Aksyon sa a gen ladan yo inisyativ pou konstwi ak sipòte lojman, biznis, rezilyans, enfrastrikti Vil New York (City of New York), ansanm ak lòt sèvis Vil la.

Sou 7 me 2013, HUD apwouve Plan Aksyon inisyal Vil la, ki depi lè sa a modifye plizyè fwa atravè amannman Enpòtan ak amannman ki pa Enpòtan. Tout kantite lajan \$4,213,876,000 ke Vil la resevwa kòm rekonpans CDBG-DR pou rekiperasyon ak rezilyans apre Sandy dekri nan Plan Aksyon an, ki modifye detanzantan pou mete ajou enfòmasyon sou pwogram yo ak revize bezwen rekiperasyon ki poko satisfè.

Dapre Plan Patisipasyon Sitwayen aktyèl la, nenpòt chanjman ki plis pase \$15 milyon nan finansman ki bay pou yon pwogram espesifik, oswa ajoute oswa retire yon pwogram, oswa chanje avantajye ki asiye pou yon pwogram, konsidere kòm yon amannman Enpòtan. Amannman Enpòtan yo pral disponib pou piblik la bay kòmantè pandan omwen 30 jou, e pandan peryòd sa a yo pral òganize omwen yon odyans piblik. Apre peryòd kòmantè a, Vil la dwe soumèt Plan an bay HUD pou apwobasyon.

Amannman Plan Aksyon (APA) 26 la pwopoze pou li fè chanjman sa yo nan Plan Aksyon pou Siklòn Sandy a:

1. Pwogram Rezilyans Hunts Point : Chanjman nan sijè ak gwoup moun ki avantajye pwojè a; epi
2. Plan Patisipasyon Sitwayen (CPP) :
 - a. Fè CPP la pi senp pou li swiv menm pwosedi yo, kèlkeswa ki pwogram vil la ap pwopoze pou chanje;
 - b. Lajè kantite lang y ap itilize pou tradui avi ak rezime egzekitif Plan Aksyon an, jan Lwa Lokal 30 mande sa; epi
 - c. Retire egzijans pou fè yon odyans piblik pou chak amannman ki konsidere kòm enpòtan, paske sa pa obligatwa ankò dapre 87 FR 36869 (Seksyon III).

APA 26 se yon amannman enpòtan. **Peryòd pou fè kòmantè sou APA 26 la ouvè depi madi 3 jen 2025. Yo dwe resevwa kòmantè yo anvan oswa nan mwa mèkredi 2 jiyè 2025 a 11:59 pm (EST) nan pi ta.**

Moun pral kapab li Rezime Egzekitif amannman an Anglè, Arab, Bengali, Chinwa (senplifye), Franse, Kreyòl Ayisyen, Kreyòl Koreyen, Polonè, Ris, Panyòl, ak Oudou. Materyèl sou entènèt yo ap disponib tou pou moun ki gen pwoblèm vizyèl. Kòmantè ekri yo ka voye bay CDBGComments@omb.nyc.gov oswa bay Biwo Majistra pou Jesyon ak Bidjè, Atansyon: Julie Freeman, Asistan Direktè Prensipal, 255 Greenwich Street, 8yèm Etaj, New York, NY 10007. Yo kapab bay kòmantè an pèsòn pandan odyans piblik ki endike anba a.

Orè odyans piblik pou APA 26 pwopoze a anba la a.

Enfòmasyon sou odyans:

Dat & Lè:

Lendi 9 jen 2025

5:00 apremidi - 7:30 apremidi

Lokalite:

The Point CDC

940 Garrison Avenue

Bronx, NY 10474

Lè peryòd pou fè kòmantè a fini, yo pral revize tout kòmantè yo, epi vil la ap enkòpore yon repons nan yon dokiman ki rele “Repons pou Kòmantè Piblik yo.” Yo pral soumèt yon rezime kòmantè yo ansanm ak repons Vil la bay HUD pou apwobasyon kòm yon pati nan APA 26. Plan Aksyon modifiye a ansanm ak tout kòmantè piblik ak repons yo ap afiche sou sit entènèt CDBG-DR Vil la nan [\[http://www.nyc.gov/cdbgdr\]](http://www.nyc.gov/cdbgdr)(<http://www.nyc.gov/cdbgdr>).

Vil New York (City of New York) : Eric Adams, Majistra
Jacques Jiha, Ph.D., Direktè, Biwo Majistra New York pou
Jesyon ak Bidjè

Dat: 29 me 2025

Rezime Chanjman Amannman Plan Aksyon 26

APA 26 fè chanjman sa yo nan Plan Aksyon Vil la, an rezime:

- Pwogram Rezilyans Hunts Point :
 - *X. Rezilyans*
 - Paj 125 - 138
 - Chanjman nan sijè pwojè a ak moun ki avantajye yo
- Plan Patisipasyon Sitwayen (CPP) :
 - *XIII. Lòt Kritè Pwogram*
 - Paj 171 - 174
 - Fè CPP la pi senp pou li swiv menm pwosedi yo, kèlkeswa ki pwogram vil la ap pwopoze pou chanje;
 - Elaji kantite lang dokiman Plan Aksyon yo ap tradui jan Lwa Lokal 30 mande; epi
 - Retire egzijans pou fè yon odyans piblik pou chak amannman ki konsidere kòm enpòtan, paske sa pa obligatwa ankò dapre 87 FR 36869 (Seksyon III).

Chanjman yo pral fèt nan chapit sa yo kòm rezilta APA 26. Kalite chanjman sa yo gen ladan yo mizajou nan tablo ak tèks pou yo ann amoni ak chanjman ki dekri nan amannman sa a.

Deskripsyon Chanjman nan Amannman Plan Aksyon 26

X. REZILYANS

[Chanjman nan Chapit X ka jwenn sou paj 125 jiska paj 138 nan Plan Aksyon an.]

ENTWODIKSYON

Lè Siklòn Sandy frape Vil New York (City of New York) nan dat 29 oktòb 2012, li mete an klè frajilite kominote kotyè yo. Apre tanpèt la, Majistra Vil New York (City of New York) te kreye Gwoup Travay “Inisyativ Espesyal NYC pou Reyonifikasyon ak Rezilyans,” ki te pibliye yon rapò nan mwa jen 2013 ki dekri domaj yo ak difikilte yo te rankontre, ansanm ak estrateji pou rebati pi solid. Konsènan Hunts Point, rapò a te di domaj yo te minimòm paske tanpèt la te rive nan menm moman ak mare ba nan Long Island Sound. Sepandan:

“Dapre modèl ekip rechèch tanpèt lanmè nan Stevens Institute of Technology te fè, si Sandy te rive pi bonè — toupre mare wo nan pati lwès Long Island Sound, olye nan New York Harbor ak bò Oseyan Atlantik — nivo dlo maksimòm nan pati lwès Sound la, mezire nan nivo King’s Point, ki te plis pase 14 pye anwo nivo Mwayèn Ba Nivo Dlo (MLLW), oswa plis pase 10 pye anwo nivo referans NAVD88 pandan Sandy, ta ka te rive prèske 18 pye anwo MLLW (prèske 14 pye anwo NAVD88).

Rezilta a ta te dezans pou enfrastrikti ki bay sèvis esansyèl pou rès Vil la. Inondasyon ta ka anwayi kèk pati nan Sant Distribisyon Manje Hunts Point (FDC) nan Bronx, sa ki ta mete an danje enstalasyon ki responsab pou jere jiska 60 pousan nan pwodwi Vil la.”

Siklòn Sandy te mete an limyè fragilite inondasyon nan enstalasyon enpòtan penensil la, lòt biznis yo, ak kominote rezidansyèl la devan efè meteyo tankou monte nivo lanmè, vag tanpèt, gwo lapli ekstrèm, chalè ekstrèm, pann enfrastrikti sistèm nan antye, ak pann enfrastrikti nan nivo bilding oswa ti zòn.

Anpil zòn nan Vil la te sibi gwo enpak akòz pann kouran inondasyon te koze. Kòm konsekans pann sa yo, menm rezidan nan bilding ki pa t inonde oswa ki te gen domaj minimòm yo te rete san limyè, chalè, frijidè, oswa dlo pou bwè, kwit manje, tire twalèt, oswa benyen. Nan bilding wo nivo, asansè yo te sispann fonksyone tou. Anpil granmoun aje oswa moun ki malad ki te rete nan etaj ki pi wo yo te bloke nan apatman yo, nan kèk ka yo pa t ka kominike oswa jwenn enfòmasyon atravè televizyon oswa entènèt la.

Premye pwopozisyon Hunts Point Lifelines Rekonstwi pa Konsepsyon (RBD) te adrese rezilyans atravè kat Lifelines: Pwoteksyon Entegre Kont Inondasyon, Mwayen Pou Viv ak Rezilyans Kominotè, Netwayaj, ak Chèn Apwovizyonman Maritim. Atravè yon pwosesis angajman kominotè ki te dire yon lane, Vil la te travay avèk patisipan ki soti nan gwoup kominotè, ofisyèl eli, ak biznis lokal pou idantifye enèji rezilyan kòm priyorite pou pwojè pilòt la. Deskripsyon pwojè modifiye nan Amannman Plan Aksyon sa a reflete varyasyon pwopozisyon “Cleanways” Hunts Point Lifelines pou devlope yon sistèm jenerasyon enèji rezèv ki asire ke kominote rezidansyèl Hunts Point ansanm ak FDC rete rezilyan kont pann kouran ki koze pa inondasyon ak lòt evènman ijans.

Nan mwa jen 2014, HUD te anonse atribisyon finansman CDBG-DR pou aplikasyon kèk pwopozisyon RBD ki te chwazi yo. HUD te bay Vil la \$20 milyon pou pwopozisyon Hunts Point Lifelines RBD la pou sipòte « planifikasyon ak etid solid ki kontinye konsènan avni mache manje a ansanm ak yon ti pwojè pilòt oswa demonstrasyon (pwojè Vil la ap chwazi). » Nan yon amannman nan mwa avril 2015 nan Plan Aksyon CDBG-DR Vil la, Vil la te ajoute nan prim RBD orijinal la yon alokasyon siplemantè \$25 milyon nan fon CDBG-DR, sa ki fè total envestisman pou premye etap amelyorasyon rezilyans nan Hunts Point rive \$45 milyon. Nan mwa me 2018, Vil la te ajoute \$26 milyon nan fon kapital vil la, epi nan mwa avril 2022, Vil la te ajoute yon lòt \$10.6 milyon nan fon kapital vil la, sa ki fè total finansman pwojè a rive \$81.6 milyon. Nan mwa Jen 2020, Vil la te reyalokalize \$25 milyon nan total finansman CDBG-DR ki te \$45 milyon, sa ki kite \$20 milyon orijinal ki te atribye pou prim RBD la. Fon sa yo te ranplase pa \$23.5 milyon nan fon kapital vil la ak \$1.5 milyon nan fon New York City Economic Development Corporation (Korporasyon Devlopman Ekonomik Vil New York (City of New York), NYCEDC), sa ki kenbe total finansman pwojè a nan \$81.6 milyon.

An konsiltasyon ak ofisyèl eli lokal, gwoup kominotè ak sivil, ak enterè biznis yo, NYCEDC ak ansyen Biwo Rezilyans Majistra a (MOR) te fòme Gwoup Travay Konsiltatif la (AWG) pou devlope plis priyorite ak rekòmandasyon sou rezilyans ki bati sou ide yo prezante nan pwopozisyon RBD la ansanm ak lòt inisyativ rezilyans ak planifikasyon k ap fèt nan Hunts Point. Soti nan mwa jen rive septanm 2015, Gwoup Travay Konsiltatif la (AWG) te reyini pou sèt reyinyon (ki gen ladan de reyinyon ak piblik la), yo te fè egzèsis pou pi byen konprann fragilite Hunts Point devan inondasyon, devlope kritè seleksyon pou idantifye kategori rezilyans priyoritè, epi rekòmande prensip pou swiv

nan aplikasyon nenpòt pwojè rezilyans (gade Apendis A pou Prensip Aplikasyon Gwoup Travay Konsiltatif la).

Lè yo konprann ke se sèl yon pwojè pilòt ki ta pral avanse nan aplikasyon ak total finansman \$81.6 milyon ki disponib, men ke lòt kategori rezilyans te kapab avanse an menm tan nan faz etid fizibilite a, Gwoup Travay Konsiltatif la (AWG) te jwenn yon konsansis sou de kategori priyorite – toude pou avanse ak plis planifikasyon ak analiz fizibilite, epi youn pou avanse atravè aplikasyon yon pwojè pilòt.³

De kategori rezilyans ke Gwoup Travay Konsiltatif la (AWG) te idantifye pou plis etid se “Kouran/Enèji” ak “Pwoteksyon Kotyè,” ki nan dokiman sa a yo rele “Rezilyans Enèji” ak “Rediksyon Risk Inondasyon.” Ki baze sou rekòmandasyon AWG sa yo, ansanm ak OneNYC: *Plan pou yon Vil Fò ak Jis*, egzijans HUD, ak priyorite rezilyans Vil la, te fè Vil la idantifye kategori “Rezilyans Enèji” pou aplikasyon atravè yon pwojè pilòt.

DESKRIPSYON PROJÈ

Pwojè Rezilyans Hunts Point (HPRP) ki dekri an detay anba a ap diminye fragilite penensil Hunts Point devan efè inondasyon kotyè pa bay omwen twa jou kouran ki fyab, rezilyan, ak fasil pou voye lè gen ijans, tankou pann kouran ak lòt menas.

Kontèks Pwojè a

Penensil Hunts Point se yon zòn ki gen enpòtans rejyonal ak lokal nan pati sidès Bronx (gade Anèks H, Imaj 1 ak 2). Penensil la antoure ak Bronx River ak East River, ki se yon estwè Oseyan Atlantik la. Zòn nan gen yon kominote aktif ak angaje ki gen 12,300 moun, ansanm ak FDC a, youn nan pi gwo sant distribisyon manje an gwo Ozetazini, plizyè biznis limyè ak lòt antrepriz, ak youn nan pi gwo estasyon tretman dlo ize nan Vil la. Penensil la divize pa Halleck Street ki oryante nò a sid, kote FDC a sitiye sou bò lès, epi kominote rezidansyèl ak zòn endistriyèl la sou bò lwès.

Rekòmandasyon ki soti nan *A Stronger More Resilient New York*, *OneNYC*, Hunts Point Vision Plan, RBD, ansanm ak lòt efò kominotè ak gouvènmantral mete an evidans vilnerabilite penensil la fas ak ogmantasyon nivo lanmè, mare tanpèt, evènman lapli ekstrèm, vag chalè ekstrèm, pann enfrastrikti sou tout sistèm lan, ak pann enfrastrikti nan nivo bilding oswa zòn espesifik, selon eksperyans ak leson ki aprann atravè rejyon an depi apre Siklòn Sandy.

Rezilyans penensil Hunts Point la esansyèl, ni pou kominote a ni pou vil la an jeneral. Premyeman, rezidan Hunts Point yo fè fas ak chay anviwònman ki pa egal. Tankou tout Vil New York (City of New York), Hunts Point klase kòm yon zòn ki gen “non-konfòmite modere” pou ozòn 8 èdtan.⁴ Akòz gwo polisyon lè ki soti nan kamyon ak lòt sous endistriyèl, to opresyon ak kriz opresyon nan Hunts Point se de fwa pi wo pase sa ki anrejistre nan rès Vil New York (City of New York). Maladi respiratwa lakoz 2.8 fwa plis vizit ijans ki gen rapò ak opresyon akòz move kalite lè nan Hunts Point konpare ak rès vil la. Jan sa dekri nan Seksyon IV (Plan Angajman Ak Ajan Entèrese) ak Anèks A (Prensip Mete ann Aplikasyon Gwoup Konsiltatif la), Vil la mete priyorite sou patisipasyon reyèl kominote Hunts Point la pou devlopman, aplikasyon, ak ranfòsman lwa, regilasyon, ak politik anviwònman. HPRP vize pi ba nivo emisyon ki posib (Lowest Achievable Emission Rate), ki ale pi lwen pase kontwòl rediksyon

³ <https://edc.nyc/sites/default/files/2025-01/Hunts-Point-Resiliency-Working-Group-Recommendations-FINAL.pdf>

⁴ <https://www3.epa.gov/airquality/greenbook/ancl.html>

obligatwa yo, pou reponn a enkyetid sou bon jan kalite lè ak dirabilite nan kominote ki gen revni ba ak mwayen ki afekte pa pwojè a.

Rezilyans Hunts Point gen yon enpak dirèk sou Rezilyans rezèv manje vil la. Hunts Point se pi gwo sant jeyografik pou distribisyon manje pa volim nan Vil New York (City of New York). Kanpis FDC la, ki gen 329 kawo tè, gen yon gwo konsantrasyon enstalasyon pou distribisyon ak fabrikasyon manje, ki gen ladan gwo mache pou Pwodui, Vyann, ak Pwason. Ansanm, enstalasyon sa yo distribye 4.5 milya liv manje chak ane pou Vil New York (City of New York) ak zòn metwopoliten lanpi laj, epi yo bay 8,500 djòb dirèk. HPRP ap ede pwoteje ak asire aksè a manje pou plizyè milyon New Yorkè. Tè FDC a se nan posesyon Depatman Sèvis Pou Ti Biznis (SBS) Vil New York (City of New York) epi li jere pa NYCEDC.

Etandone objektif jeneral pwojè a (ki dekri anba a nan seksyon “Objektif Pwojè”), kritè evalyasyon yo te itilize pou chwazi pwojè pilòt Rezilyans Enèji a pou finansman HUD (ki dekri pi ba nan seksyon “Idantifikasyon Pwojè”), ak Prensip Mete Ann Aplikasyon AWG la (nan Anèks A), teknoloji pwòp ak renouvlab yo te idantifye, evalye, epi mete kòm priorite kòm yon pati nan HPRP pou aplike swa kòm eleman pwojè pilòt la oswa an paralèl avèk li. Kòm pati nan plan operasyon teknoloji yo ki pral aplike, teknoloji ki pa renouvlab yo pral itilize sèlman nan ka ijans e pou yon dire limite.

Idantifikasyon Pwojè

Nan mwa Jen 2016, Vil la te fini yon evalyasyon risk ak vilnerabilite pou penensil Hunts Point, ansanm ak etid feyabilite pou opsyon pwojè pou Rezilyans enèji ak rediksyon risk inondasyon pou redui vilnerabilite sa yo. Sijè travay la te enkli tou konsepsyon konsèp ak revizyon anviwònman pou HPRP ak yon pwosesis angajman kominotè ak aktè kle solid pou enfòme etid la ak pwojè pilòt la.

Metodoloji ki te itilize pou evalyasyon risk ak vilnerabilite a te adapte soti nan pwosedi FEMA (Federal Emergency Management Agency, Ajans Jesyon Ijans Federal) etabli pou idantifye chans ak konsekans potansyèl menas yo. Pou HPRP, done kondisyon aktyèl yo te mete ansanm ak dènye previzyon Panel Vil New York (City of New York) sou Chanjman Klimatik (NPCC), done kat asirans kont inondasyon preliminè FEMA (PFIRM), ki enkli pwofondè potansyèl inondasyon ak ogmantasyon nivo lanmè (gade Anèks H, Imaj 3), done istorik ki montre tanpèt ak pann kouran aktyèl, ansanm ak nouvo done ki te ranmase nan men aktè kle yo (founisè sistèm sèvis piblik, biznis yo, ak rezidan yo) sou enstalasyon kritik ki sou penensil Hunts Point la. Etid la te evalye enstalasyon ki enpòtan pou kontinye bay sèvis esansyèl nan nivo vil la ak kominotè a, tankou sèvis ijans, lojman, mobilite, distribisyon kouran ak dlo, sèvis sosyal, djòb, ak distribisyon manje.

Yo te evalye vilnerabilite chak enstalasyon kritik lè yo te idantifye menas ki konsène enstalasyon an, epi yo te miltipliye chans pou menas la rive pa konsekans li. Menas yo te evalye te enkli inondasyon akòz ogmantasyon nivo lanmè, mare tanpèt kotyè, ak evènman lapli ekstrèm, osi byen ke vag chalè ekstrèm, pann enfrastrikti sou tout sistèm lan, ak pann enfrastrikti nan nivo bilding. Yo te devlope yon nòt vilnerabilite konpoze pou chak enstalasyon kritik lè yo te ajoute nòt vilnerabilite espesifik pou chak menas ansanm, pou konpare epi klase vilnerabilite enstalasyon yo yonn ak lòt. Gade Anèks H, Imaj 4 pou rezilta evalyasyon vilnerabilite sa a.

Dapre rezilta evalyasyon risk ak vilnerabilite a, yo te detèmine ke pann kouran nan nivo bilding se yon menas ki enpòtan e ki pataje pa rezidan ak biznis yo nan Hunts Point. Anplis, zòn ki ba sou penensil la ekspozé anpil a menas inondasyon kotyè, tandiske zòn rezidansyèl ki anlè a pa ekspozé anpil, akòz chanjman altitud enpòtan sou tout penensil la. Dapre nòt vilnerabilite konpoze yo, enstalasyon ki pi vilnerab yo enkli enstalasyon FDC yo—yon sant kle pou ekonomi ak distribisyon manje—ki vilnerab a pann enèji nan nivo bilding, pann sistèm total, mare tanpèt, ak vag chalè ekstrèm (gade Imaj 4). Food Center Drive, prensipal wout ki travèse FDC a, ta inonde pandan yon mare tanpèt ki fèt chak 100 an, si nivo lanmè ogmante jan yo prevwa pou ane 2050 yo. Enstalasyon kominotè yo, espesyalman de lekòl lokal, PS 48 ak MS 424, vilnerab a pann kouran ak vag chalè. HPRP ap diminye vilnerabilite Hunts Point fas ak pann kouran ki koze pa evènman ijans, tankou gwo inondasyon, atravè founiti enèji rezistan.

Evalyasyon risk ak vilnerabilite a te idantifye enstalasyon kritik ki gen pi gwo bezwen ak opòtinite potansyèl pou pwojè Rezilyans. Pou Rezilyans enèji, yo te analize plizyè dizèn teknoloji pou jenerasyon, distribisyon, ak depo enèji pou detèmine si yo teknikman posib; epi yo te kontinye evalyasyon sou teknoloji ki te rete dapre kritè sa yo:

- Rezilyans: Aplikabilite pou enstalasyon kritik ki vilnerab; kapasite pou mete sou rezo a sou demann; fyab pou omwen twa jou; endepandan de sèvis piblik
- Dirabilite: Emisyon, efikasite, sous gaz
- Avantaj kominotè: Opòtinite travay, kapasite pou agrandi, potansyèl pou atire lòt finansman
- Kapasite pou konstwi: Espas ki apwopriye, enfrastrikti ki nesèsè, pèmi
- Feyabilite: Delè, pri pou konstwi, pri pa MWh

Li enpòtan pou sonje ke pa gen yon sèl pwojè ki satisfè tout kritè ki anwo yo pou tout enstalasyon ki vilnerab sou penensil la. Kritè sa yo te sèvi pou idantifye teknoloji (tankou panno solè fotovoltaik [PV], sistèm depo enèji ak batri [BESS], ak jenerasyon enèji de sekou) pou yon evalyasyon detaye, epi yo te konbine yo an opsyon pwojè pou asire Rezilyans, kapasite pou konstwi, ak aplikasyon, pandan y ap maksimize dirabilite ak avantaj pou kominote a.

Pwojè pilòt orijinal pou Rezilyans enèji a, jan APA 18 te defini li, te yon enstalasyon tri-jenerasyon ak mikwo-rezo pou distribisyon kouran, panno solè PV ak BESS, ansanm ak jeneratè mobil, pou bay yon kapasite jenerasyon total apeprè 6.8 megawatt (MW). Sepandan, pwojè pilòt sa a te fè fas ak defi sa yo pandan faz konsepsyon final la:

- Retire itilizatè final pou enstalasyon tri-jenerasyon an (Mache Vyann lan te refize resevwa dlo cho);
- Re-devlope Mache Pwodui a ki te ka mennen nan ranplasman tout bilding ak inite refrijerasyon trelè (TRUs);
- Politik ak règleman Vil ak Eta yo ki mete limit sou emisyon gaz lakòz efè tèmik lokal, ak penalite aplike;

- Estrateji pou ekonomize depans yo ki te idantifye pandan konsepsyon konsèp pa t ase pou fè depans pwojè a antre nan bidjè ki disponib.

Pou reponn a tout faktè sa yo, eleman tri-jenerasyon pwojè pilòt orijinal la te evalye epi modifiye kòm pati APA 24. Pwojè pilòt pou Rezilyans enèji ki te amande a te redui nan dimansyon ak objektif, men li te toujou reyalize objektif prensipal pwojè a epi li sipòte faz pwojè ki vin apre yo pou reyalize yon vizyon pi laj sou Rezilyans enèji ki ann akò ak objektif netralite kabòn Vil ak Eta yo. Kidonk, pwojè pilòt la te redefini pou bay jenerasyon enèji de sekou pou Mache Pwodui a avèk yon enstalasyon ki fonksyone ak gaz natirèl, epi bay yon lòt enstalasyon FDC (600 Food Center Drive) jenerasyon de sekou ak yon jeneratè dyezèl fiks pou itilize pandan peryòd ijans. Kèk enstalasyon kominotè prensipal (MS 424 ak PS 48) sou penensil Hunts Point ap resevwa panno solè PV ak sistèm BESS pou Rezilyans ak dirabilite, menm jan ak pwojè pilòt orijinal la.

Pwojè modifiye ki kouvri anba APA 24 la te fè fas ak lòt defi akòz nouvo chanjman ki nesèsè. Chanjman sa yo te fèt pou reponn a aksyon sa yo ki gen rapò ak enstalasyon sou penensil Hunts Point:

- Re-devlope Mache Pwodui a, jan sa dekri anwo, ki enkli re-konsepsyon sistèm ekipman pou kouran ak enèji de sekou li;
- Kontinye ogmantasyon pri pwojè jenerasyon enèji de sekou a;
- Plis chanjman nan politik Vil ak Eta yo ak plis presyon pou redui emisyon gaz lakòz efè tèmik epi ogmante itilizasyon enèji renouvlab ak depo enèji.

Pou reponn a faktè sa yo, enstalasyon jenerasyon enèji de sekou ki te pwopoze pou Mache Pwodui a, ki fonksyone ak gaz natirèl, te redefini pou li sèvi kòm sous enèji de sekou pou Mache Pwason an (olye Mache Pwodui a). Jenerasyon an pwopoze pou itilize panno solè PV ak sistèm BESS. Mache Pwason an ap ekipe tou ak ekipman koneksyon rapid pou jeneratè tanporè, pou pèmèt koneksyon ak yon oswa plizyè jeneratè mobil ki fonksyone ak motè dyezèl, sa ki ka nesèsè pandan pann kouran ki dire lontan lè enèji ki estoke nan BESS la fin itilize nèt anvan kouran sou rezo a retabli. Pa gen okenn chanjman ki fèt sou jeneratè dyezèl fiks ki te pwopoze pou 600 Food Center Drive, ni sou pwojè panno solè PV ak BESS pou enstalasyon kominotè yo (MS 424 ak PS 48). Kapasite jenerasyon total pwojè pilòt modifiye a se jiska apeprè 5 MW, epi kapasite sa a ka ogmante plis jiska 7.3 MW si yo enkli sistèm BESS yo.

OBJEKTIF PWOJÈ A

Objektif prensipal HPRP se:

- Adrese vilnerabilite kritik pou kominote a ak endistri a;
- Pwoteje enfrastrikti enpòtan pou tout vil la pandan ijans tankou gwo inondasyon;
- Pwoteje biznis ak djòb endistriyel ki egziste deja ak sa ki ap vini yo;
- Sipòte avantaj sosyal, ekonomik, ak anviwònmantral kominote a; epi
- Itilize enfrastrikti dirab ak ekolojikman sansib.

DESKRIPSYON PWOJÈ PILÒT KI PI PATI PREFERAB

HPRP pral bay kouran serye, ki ka aktive sou demann, epi ki dirab pou enstalasyon kritik yo idantifye sou penensil Hunts Point pou omwen twa (3) jou pandan yon ijans. Nan total, pwojè a bay jiska apeprè 7.3 MW nouvo kapasite jenerasyon enèji rezistan pou penensil la. Chak eleman pwojè pilòt la gen fonksyon endepandan. Eleman sa yo pa depann yonn sou lòt pou bay Rezilyans a enstalasyon ki vize yo. Men, yo tout fèt kòm yon pakèt pwojè pou bay Rezilyans a enstalasyon ki pi vilnerab ak pi kritik sou penensil Hunts Point.

Jenerasyon de sekou pou sipòte Mache Pwason an nan Food Distribution Center

(Sant Distribisyon Manje FDC) - Eleman sa a gen ladan yon sistèm jenerasyon de sekou ki pral bay kouran pou Mache Pwason an nan kout tèm, epi sèvi kòm baz pou yon mikwo-rezo ak resous enèji distribye (DERs) pou rive nan yon objektif dirabilite ak Rezilyans alontèm pou tout penensil la. Sistèm jenerasyon de sekou a ap gen ladan: Yon sistèm solè sou do kay ak kouvèti (canopy) ki bay 4 MW; Yon BESS ki bay 2 MW/5 MWh pou pèmèt demaraj “black start” enstalasyon an ak jere chaj kouran Mache Pwason an pandan ijans. Sistèm solè PV la fèt pou mache an paralèl ak rezo elektrik la pandan kondisyon nòmal pou bay enèji dirab. Pandan ijans, sistèm solè ak BESS la ap bay kouran de sekou pou Mache Pwason an.

Anplis, NYCEDC ap finanse yon jeneratè dyezèl mobil, lwe tanporèman, pou itilize pandan kondisyon ijans. Jeneratè dyezèl mobil la ap ogmante fyab kouran pou Mache Pwason an pou jiska twa (3) jou, si sa nesèsè. Itilizasyon jeneratè lwe yo ap fèt sèlman pandan yon pann kouran ki dire lontan nan kout tèm, pandan EDC ap elabore yon vizyon pi laj pou enkòpore plis sistèm BESS nan Mache Pwason an. Sistèm solè PV ak BESS ki pwopoze yo ap mete nan Fulton Fish Market, ki chita nan 800 Food Center Drive, Bronx, NY 10474 sou Blòk 2780, Lot 73.

Enstalasyon Solè/Depo pou Enstalasyon Kominotè – Pou bay enèji dirab ak rezistan pou de enstalasyon kominotè prensipal yo, pwojè a gen ladan enstalasyon panno solè PV sou do kay ak BESS pou lekòl MS 424 ak PS 48 (ki kounye a anba konstriksyon). Kapasite solè total enstalasyon an se apeprè 0.5 MW ki ap bay elektrisite pou lekòl yo pandan kondisyon nòmal ak ijans. BESS yo ap bay Rezilyans elektrik pou chaj enpòtan pandan ijans. Sa ap pèmèt lekòl yo sèvi kòmabri, refij, oswa espas rasanbleman pou piblik la nan sitiyoasyon ijans. Sistèm solè ak depo yo fèt tou pou itilize pandan jou nòmal (blue sky days). De sit solè sou do kay sa yo lokalize nan: MS 424, 730 Bryant Avenue, Bronx, NY 10474 sou Blòk 2763, Lot 279 PS 48, 1290 Spofford Avenue, Bronx, NY 10474 sou Blòk 2766, Lot 1

Jenerasyon de Sekou pou Biznis – Pou bay kouran rezistan pou lòt bilding nan FDC a, pwojè a gen ladan acha yon jeneratè dyezèl fiks 0.5 MW epi enstalasyon koneksyon li ak sistèm elektrik nan enstalasyon Citarella/Sultana ki chita nan 600 Food Center Drive. Jeneratè a pa pral jeneratè mobil ankò; li pral enstale pèmanan epi sèvi sèlman pandan ijans ak pou tès regilye ak antretyen pandan ane a. Jeneratè a ap pèmèt Rezilyans enèji imedya ak ti depans kapital pou enstalasyon ki esansyèl pou chèn rezèv manje vil la. Y ap itilize yon motè ki sètifye Tier 4 pou kontwole epi trete emisyon yo. Pousantaj emisyon yo ap presize kòm yon kondisyon pèmi operasyon pou inite jeneratè a, epi y ap fè respektè sa pa Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York (NYSDEC) ak

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Vil New York (City of New York) (NYCDEP). Kondisyon pèmi yo ap presize bay founisè ekipman yo ak/oswa kontraktè yo, epi founisè yo ap oblije garanti yo kòm yon kondisyon pou enstalasyon an. Respè kontinyèl pou pousantaj emisyon sa yo ak èdtan operasyon otorize yo ap vin yon kondisyon jesyon enstalasyon an. Jeneratè ki pwopoze a ap lokalize nan enstalasyon Citarella/Sultana ki chita nan 600 Food Center Drive, Bronx, NY 10474 sou Blòk 2781, Lot 500.

REPONN OBJEKTIF AK BEZWEN YO

HPRP ap diminye vilnerabilite penensil Hunts Point fas ak efè inondasyon kotyè pa bay omwen twa (3) jou enèji serye, rezistan, ak aktive sou demann pou enstalasyon esansyèl lokal ak vil la pandan evènman ijans tankou Siklòn Sandy, pann kouran, ak lòt menas.

HPRP konsantre sou enstalasyon ki pi vilnerab fas ak tanpèt kotyè, epi li gen kapasite endepandan pou pwoteje enfrastrikti esansyèl lokal ak pou tout vil la nan kondisyon alavni. Analiz la pran an kont done debaz sou frekans ak dire pann kouran nan tan lontan, ansanm ak frekans ak dire pann kouran yo prevwa nan tan kap vini an, akòz ogmantasyon evènman ki gen rapò ak inondasyon.

Etdandone nati kritik enstalasyon ki sou penensil Hunts Point la, epi baze sou direktiv politik ak egzanp ki deja egziste, Vil la defini Rezilyans kòm kapasite pou bay yon sous enèji serye pou chay kritik yon enstalasyon pandan omwen twa (3) jou nan ka yon gwo inondasyon oswa lòt ijans. Pwojè a, an jeneral, konbine solisyon solè PV ak sistèm depo enèji (BESS) pou fonksyone pandan jou nòmal ak pandan ijans, ansanm ak jenerasyon kouran de sekou ki fonksyone sèlman pandan ijans. Konfigirasyon teknik sa a fè chak enstalasyon ki pwoteje yo jwenn Rezilyans enèji ki aktive sou demann pou omwen twa (3) jou nan ka ijans.

HPRP ap fèt pou enkòpore mezi pwoteksyon kont inondasyon; pwoteje stock manje ak pèmèt distribisyon manje nan tout vil la pou enstalasyon ki nan FDC la; epi pèmèt lekòl nan katye rezidansyèl Hunts Point yo sèvi kòmabri, refij, oswa espas rasanbleman pandan inondasyon, pann kouran, vag chalè, oswa lòt ijans.

Pwojè pilòt la ap adrese enkyetid sou chay anviwònman an, kòm rekonesans pou enpòtans emisyon ak kalite lè nan Hunts Point. Hunts Point (tankou tout Vil New York (City of New York)) konsidere kòm yon zòn “non-konfòmite modere” pou ozòn 8 èdtan. Klasifikasyon sa a egzije itilizasyon teknoloji kontwòl emisyon pou reyalize Nivo Emisyon ki Pi Ba Posib (Lowest Achievable Emission Rate). Akòz enkyetid sou kalite lè ak chay anviwònmantal nan katye a, pwojè pilòt la ap enkli sistèm kontwòl emisyon tankou sistèm Rediksyon Katalitik Selektif (SCR) pou kontwòl emisyon oksid nitwojèn (NO_x), epi y ap enstale katalis oksidasyon pou kontwòl monoksid kabòn (CO) ak konpoze òganik volatil (VOC) ki soti nan inite jenerasyon ki sou Site D. Emisyon ki soti nan jeneratè dyezèl fiks ki sou 600 Food Center Drive ap kontwòl anba limit estanda gras a itilizasyon yon motè ki sètifye Tier 4. Anplis, ekipman dyezèl ki aplike kòm pati pwojè pilòt sa a ap itilize sèlman pandan ijans, tankou pann kouran, epi li pap depase kantite èdtan operasyon yo presize nan pèmi ak enskripsyon kalite lè NYSDEC ak NYCDEP yo.

NORM REZILYANS (RESILIENCE PERFORMANCE STANDARDS)

Vil New York (City of New York) pran angajman pou devlope ak aplike estanda pèfòmans Rezilyans pou tout pwojè enfrastrikti, enkli HPRP, epi li baze sou pi bon pratik ki egziste ak syans ki pi resan sou Rezilyans pou enfòmè devlopman estanda sa yo.

Vil la itilize estanda pèfòmans sa yo pou mezire Rezilyans nan chak pwojè:

- Solidite: Kapasite pou absòbe ak kenbe tèt ak chòk ak estrès.
- Redondans: Chanèl siplemantè pou kenbe fonksyon prensipal la pandan yon perturbasyon oswa echèk sistèm.
- Kreyativite/Adaptabilite: Kapasite pou adapte epi reponn ak fleksibilite pandan estrès ak chòk.
- Reyaksyon: Kapasite pou reyaji vit fas ak chòk oswa estrès.
- Rekipirasyon: Kapasite pou reprann fonksyon apre chòk oswa estrès.

Pandan konsepsyon pwojè a ap vanse, aplikasyon espesifik estanda sa yo pou HPRP ap kontinye devlope ak rafine pou byen mezire efikasite ak efisyans teknoloji rezistan yo yon fwa yo enstale.

Pou asire sistèm enèji yo rezistan kont inondasyon epi ann akò ak estanda pèfòmans Rezilyans yo, tout sistèm enèji yo ap swa: Pwoteje kont inondasyon, Leve pi wo pase nivo inondasyon, oswa Mete deyò zòn danje inondasyon ki idantifye yo. Enstalasyon jenerasyon de sekou ki sou Site D—ki lokalize nan plèn inondasyon ki fèt chak 100 an—ap leve jiska 19 pye sou referans NAVD88 pou l rete pi wo pase nivo inondasyon.

Kondwit ki vilnerab a inondasyon ap ranfòse. Chak eleman HPRP bay yon nivo siplemantè Rezilyans ak redondans enèji pou enstalasyon li fèt pou pwoteje. Sa vle di enstalasyon kritik yo ap gen kapasite pou jwenn sous enèji menm si gen yon pann jeneral sou rezo kouran prensipal la. Eleman kapital pwojè yo ki bay avantaj Rezilyans ak redondans ap akonpaye ak yon plan operasyon pou Vil la ak lokatè FDC yo. Pwojè a ap pèmèt lekòl yo ak enstalasyon FDC yo reyaji ak refè pi vit apre chòk oswa estrès, paske tout eleman pwojè yo ap ekipe ak kapasite “black start” – sa vle di yo kapab rekòmanse kouran menm apre yon arè total oswa pasyèl.

Soti nan estanda pèfòmans Rezilyans sa yo, Vil New York (City of New York) pral mete an aplikasyon yon plan pou kontwòle ak evalye enfrastrikti enèji rezistan ki devlope atravè inisiyativ RBD sa a. Objektif plan sa a se montre kijan Vil la pral kontwòle planifikasyon, aplikasyon, ak reyalizasyon etap enpòtan yo pandan livrezon pwojè a apre li fin konplete. Plan an ap enkli egzijans enspeksyon pou enfrastrikti enèji rezistan yo, baze sou espesifikasyon manifakti yo sou frekans ak pwosesis enspeksyon. Egzijans enspeksyon espesifik yo ap finalize yon fwa espesifikasyon ekipman yo detèmine pandan konsepsyon final la.

Pandan aplikasyon plan siveyans lan, Vil la pral asire tout mezi mitijasyon ki apwopriye yo mete an plas e ke yo satisfè estanda gouvènman an. Plan an ap genyen tou yon metodoloji evalyasyon, ke Vil la ap aplike apre pwojè yo fini. Objektif metodoloji sa a se pou detèmine nivo efikasite pwojè a nan satisfè bezwen kominote a sou yon peryòd tan. Konpozan metodoloji sa a ka enkli itilizasyon done pou etabli yon baz referans, siveye pwogrè sou yon peryòd defini, epi etabli kritè pou mezire efikasite pwojè a konpare ak rezilta yo te prevwa.

Vil la ap veyatif pou fè evalyasyon imedya apre evènman tanpèt ki ka rive nan lavni. Vil la ap asire siveyans oswa evalyasyon estrikti ak ekipman yo pou verifye si yo ka kenbe tèt ak kondisyon tanpèt ak siklòn. Yo pral rapòte rezilta sa yo bay depatman vil ki konsène yo pou trete nenpòt echèk ki fèt nan estrikti oswa ekipman yo. Anplis, Vil la ap eksplòre estanda ki ka itilize pou repwodui kalite enfrastrikti sa a nan lòt lokalite.

REYALIZASYON AK ÈFIKASITE PWOJÈ A

Evalyasyon feyabilite ki fèt kòm pati HPRP se te yon eleman kle nan idantifye pwojè pilòt pou Rezilyans enèji a. Konbinezon diferan teknoloji nan HPRP optimize objektif Rezilyans pwojè a ansanm ak objektif kominote a sou dirabilite ak sante anviwònmanal. HPRP gen ladan dènye teknoloji kontwòl emisyon ak mezi pwoteksyon kont inondasyon nan konsepsyon ak depans kapital li yo. Pou asire ke enfrastrikti enèji a li menm rezistan kont inondasyon, epi konfòme ak estanda pèfòmans Rezilyans Vil la, tout sistèm enèji yo pral swa: Pwoteje kont inondasyon, Leve sou nivo inondasyon an, Oswa mete deyò zòn danje inondasyon ki idantifye yo.

Evalyasyon feyabilite yo te pran an kont kòd ki apwopriye ak estanda konsepsyon ak konstriksyon endistriyèl pou mete an aplikasyon pake teknoloji Rezilyans enèji yo. Yo pral suiv kòd ak estanda sa yo pandan konsepsyon final pwojè pilòt la, epi yon enjennye pwofesyonèl ki anrejistre ap sètifye ke konsepsyon final la satisfè tout kòd ak estanda ki aplikab anvan Vil la angaje fon HUD pou konstriksyon.

Con Edison se yon patnè kle pou kowòdinasyon konsepsyon ak konstriksyon HPRP. Yon seri reyinyon te fèt ak ekip jeni rejyonal Con Edison pou revize espesifikasyon enstalasyon jenerasyon enèji HPRP yo, ak entèkoneksyon ant enstalasyon an, enfrastrikti ki egziste deja ak Mache Pwodui a. Reyinyon yo te enkli tou diskisyon planifikasyon preliminè sou yon mikwo-rezo potansyèl ki ka konstwi nan lòt faz pwojè a. Vil la ak Con Edison ap kontinye kolabore regilyèman pou asire aplikasyon siksè pwojè pilòt la, ansanm ak vizyon pi laj pou enèji de sekou renouvlab ak rezistan ki sèvi plizyè enstalasyon ak lokatè sou penensil Hunts Point.

Lè HPRP fin konstwi, Vil la ap jere epi kenbe sistèm enèji yo. NYCEDC, ki jere FDC a pou Vil la, ap sipèvize operasyon ak antretyen enstalasyon jenerasyon de sekou yo. Depatman Edikasyon Vil New York (City of New York) (DOE) ap jere ak kenbe sistèm solè PV ak BESS ki sou teren lekòl yo. Sa pral gen ladan enspeksyon regilye selon kòd ak regilasyon endistri ki aplikab. Vil New York (City of New York) sètifye ke finansman ap disponib pou kouvri depans operasyon ak antretyen alontèm ki asosye ak HPRP.

FINANSMAN PWOJÈ A

Yon investisman total \$81.6 milyon dola nan fon federal CDBG-DR ak fon kapital Vil New York (City of New York) (ki gen ladan \$20 milyon atravè pwogram RBD, \$60.1 milyon nan fon kapital Vil la, ak \$1.5 milyon nan fon NYCEDC) dedye pou “planifikasyon ak etid solid kontinyèl sou avni mache manje a ak yon ti pwojè pilòt/demonstrasyon.” Fon sa yo ap itilize pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon pwojè HPRP la, epi yo kalifye pou ranbousman anba pwogram RBD HUD la. Travay planifikasyon an gen ladan analiz feyabilite, konsepsyon konsèp, ak revizyon anviwònman; konsepsyon gen ladan kontra, pèmision, ak konsepsyon final; epi konstriksyon pwojè a gen ladan achte ekipman, konstriksyon, ak aktivite jesyon konstriksyon. Si pwojè a jenere revni pou pwogram nan, Vil la ap kolabore ak HUD pou asire revni sa a retounen nan pwogram CDBG Entitlement Vil la.

Kowòdinasyon Federal, Eta, ak Lokal

Aplikasyon HPRP ap enplike pèmi ak otorizasyon federal, eta, ak lokal. Jan sa dekri pi wo a (nan Idantifikasyon Pwojè a), sijè travay pou HPRP te enkli plizyè analiz ak evalyasyon pou idantifye pwojè pilòt Rezilyans enèji a. Yo idantifye pwojè pilòt la, epi pwojè a antre nan faz konsepsyon konsèp ak revizyon anviwònman.

APA 18 te idantifye epi dekri pèmi ak otorizasyon ki dwe jwenn pou pwojè a pandan konsepsyon kòmanse epi kontraktè ki genyen kontra a ap prepare pou konstriksyon. Lè chanjman fèt kòm rezilta kowòdinasyon oswa apwobasyon pa ajans pèmision yo, Vil la ak NYCEDC ap soumèt yon Amannman Enpòtan nan Plan Aksyon an bay HUD pou dekri chanjman sa yo ak pwojè modifiye a.

Ajans ki patisipe nan revizyon anviwònman, pèmision, ak apwobasyon pou pwojè pilòt la ak orè pwosesis sa yo dekri anba a nan Tablo 4. Pwosesis ki dekri anba a baze sou idantifikasyon pwojè pilòt Rezilyans enèji a ak orè finansman HUD (jan sa dekri nan seksyon Finansman Pwojè anwo a). Enfòmasyon siplemantè sou orè konsepsyon ak konstriksyon pou pwojè pilòt la bay anba a nan Seksyon V. Orè Pwojè.

Kounye a, Vil la ap travay ak Sandy Regional Infrastructure Resilience Coordination (SRIRC) pou kowòdone konsepsyon, pèmision, konstriksyon, ak operasyon pwojè sa a pou l aliman epi entegre ak lòt pwojè rekipasyon nan zòn nan. Anplis, Vil la ap kontinye travay ak Ekip Kowòdinasyon Teknik SRIRC (TCT) ak Ekip Federal pou Revizyon ak Pèmision (FRP) pandan pwojè a ap defini plis atravè konsepsyon ak revizyon anviwònman.

Tablo 4: Pèmi/Apwobasyon ak Enfòmasyon sou Orè ki Asosye yo

Ajans/Otorite	Pèmi/Apwobasyon	Orè
Federal		
Depatman Lojman ak Devlopman Iben Ozetazini (U.S. Department of Housing and Urban Development)	Ajans federal ki bay finansman; Apwobasyon Amannman Enpòtan Plan Aksyon sa a; epi emisyon final Otorizasyon pou Itilize Fon Gwo (AUGF) pou fon CDBG-DR yo	Apwobasyon Amannman Enpòtan Plan Aksyon: Otòn 2018 Deklarasyon NEPA "Pa gen Enpak Siyifikatif" (FONSI) pibliye Septanm 2019 AUGF pou Fon CDBG-DR yo emèt Novanm 2019
Sèvis Pwoteksyon Pwason ak Sovaj Ozetazini (U.S. Fish and Wildlife Service)	Konsiltasyon Seksyon 7 nan Lwa sou Espès An Danje (ESA)	Konplete an 2018

Ajans/Otorite	Pèmi/Apwobasyon	Orè
Eta		
Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation (OPRHP))	Konsiltasyon Seksyon 106 obligatwa dapre Lwa sou Prezèvasyon Istorik Nasyonal (NHPA) konsènan pwopriyete ki kalifye ak ki anrejistre sou Rejis Istorik Eta ak Rejis Istorik Nasyonal.	Konplete Septanm 2019
Operatè Endepandan Sistèm New York (NY Independent System Operator (NYISO))	Egzekisyon Pwosesis ak Etid Entèkoneksyon an.	Ete 2025 jiska Ete 2026
Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York (Department of Environmental Conservation (NYSDEC))	Pèmi Ayeryen pou Enstalasyon Eta (Sou-Seksyon 201-5)/ Sou-Seksyon 201-4: Enskripsyon Enstalasyon Minè	Pèmi Ayeryen pou Enstalasyon Eta: Prentan 2025 jiska Otòn 2026 (pa Kontraktè)
	Enskripsyon Pwogram Depo Petwòl an Gwo: Emisyon pèmi ki gen rapò ak Pèmi Jeneral SPDES pou Degajman Dlo Lapli ki soti nan Aktivite Konstriksyon	Enskripsyon Pwogram Depo Petwòl an Gwo: Prentan 2025 jiska Otòn 2026 (pa Kontraktè) SPDES GP: Otòn 2025 jiska Otòn 2026 (pa Kontraktè)
	Konsiltasyon Pwogram Eritaj Natirèl sou espès plant oswa bèt ki sou lis Eta a oswa sou kominote natirèl ki gen enpòtans	Konplete an 2018
Depatman Deta (Department of State) (NYSDOS)	Detèminasyon Konfòmite ak Zòn Kotyè Eta New York	Konplete an 2019
Depatman Transpòtasyon (Department of Transportation) (NYSDOT)	Emisyon Pèmi Travay sou Otowout, Pèmi Espesyal pou Chaj Divizib	Otòn 2025 jiska Otòn 2026 (pa Kontraktè)
	Konsantman Revokab	Otòn 2025 jiska Otòn 2026 (pa Kontraktè)
Vil		
Depatman Planifikasyon Vil la (Department of City Planning) (DCP)	Pwogram Revitalizasyon Zòn Maritim NYC (WRP) – Detèminasyon Konfòmite	Konfòmite WRP: Konplete an 2019

Ajans/Otorite	Pèmi/Apwobasyon	Orè
Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Protection (DEP))	Enskripsyon Polisyon Lè (Motè, Jeneratè, Tibin) Konfòmite Asbès atravè Sistèm Rapò ak Swivi Asbès (ARTS) Apwobasyon koneksyon egou ak dlo vil la pou nouvo koneksyon oswa modifikasyon koneksyon ki egziste	Enskripsyon Polisyon Lè: Prentan 2025 jiska Otòn 2026 (pa Kontraktè) Konfòmite ARTS: Prentan 2025 jiska Otòn 2026 (pa Kontraktè) Koneksyon/Modifikasyon Dlo ak Egou: Otòn 2025 jiska Otòn 2026 (pa Kontraktè)
Depatman Bilding (Department of Buildings (NYCDOB))	Revizyon konsepsyon ak emisyon pèmi travay konstriksyon ki gen rapò ak ajoute sous jenerasyon distribye, enkli konfòmite ak Kòd Bilding, Elektrik, ak Zonaj Vil la Revizyon ak apwobasyon plan depo batri pa Biwo Sètifikasyon Teknik ak Rechèch (Office of Technical Certification & Research (OTCR))	Pèmi Travay Konstriksyon: Ete 2022 jiska Otòn 2026 (pa Kontraktè) Apwobasyon OTCR: Ete 2023 jiska Otòn 2026 (pa Kontraktè)
Depatman Transpòtasyon Vil New York (City of New York) (NYCDOT)	Apwobasyon Plan Antretyen ak Pwoteksyon Trafik (MPT)	Otòn 2025 jiska Otòn 2026 (pa Kontraktè)
Komisyon Piblik pou Konsepsyon (Public Design Commission (PDC))	Revizyon konsepsyon pwojè a	Kowòdinasyon inisyal kòmanse ak konsepsyon konsèp. Kowòdinasyon te kòmanse Prentan 2021; apwobasyon final ap nesesè pou fini konsepsyon nan Otòn 2025
Komisyon Prezèvasyon Sit Istorik (LPC)	Ajans konsiltatif pou aktivite ki sou oswa toupre sit ki gen valè istorik oswa akeyolojik.	Konplete an 2019
Depatman Ponpye Vil New York (City of New York) (FDNY)	Revizyon konsepsyon plan depo batri pa Inite Teknoloji FDNY.	Ete 2023 jiska Otòn 2026
Biwo Majistra Pou Jesyon Ak Bidjè (OMB)	Antite Responsab (RE) pou distribisyon fon CDBG-DR pou Siklòn Sandy soti HUD pou ajans Vil yo, epi Ajans Lidè pou Revizyon NEPA.	Revizyon NEPA: Ete 2018 pou rive Prentan 2019

Ajans/Otorite	Pèmi/Apwobasyon	Orè
Biwo Majistra pou Jistis Klima ak Anviwònman (Mayor's Office of Climate and Environmental Justice (MOCEJ))	Revizyon konsepsyon pou aktivite ak pwojè ki pwopoze pou ogmante Rezilyans, ki gen ladan ranfòsman katye yo, amelyorasyon bilding yo, adaptasyon enfrastrikti ak sèvis kritik yo, ak ranfòsman defans kotyè yo.	Prentan 2023 pou rive Otòn 2023
Jesyon Ijans Vil New York (New York City Emergency Management (NYCEM))	Revizyon plan ki gen rapò ak preparasyon, repons, ak operasyon ijans pandan kondisyon tanpèt.	Ete 2023 pou rive Prentan 2024
Sèvis Pou Ti Biznis (SBS)	Ajans lidè CEQR pou NYCEDC; ede ajans Vil yo akonpli responsablite revizyon anviwònman yo. Emisyon Pèmi Zòn Maritim pou devlopman ki fèt nan zòn kotyè NYC a, epi revizyon konsepsyon ki gen rapò ak Rezilyans an kowòdinasyon ak pèmi DOB yo.	Te emèt Deklarasyon Negatif CEQR nan Out 2019. Otòn 2025 pou rive Otòn 2026 (pa Kontraktè, si aplikab)
Lòt		
Apwobasyon pa Konpayi Sèvis Piblik (Con Edison)	Emisyon otorizasyon pou travèse sèvis piblik ki egziste deja	Ete 2023 pou rive Otòn 2026 (pa Kontraktè, si aplikab)

ALOKASYON CDBG-DR: \$20,000,000

KATEGORI ELIGIBILITE HUD: Reabilitasyon ak Prezèvasyon Lojman, selon dispans nan Avi Rejis Federal 25 Out 2015 (80 FR 51589)

REZILTA PREVWA: Kouran serye, rezistan, ak mobilizab pou chaj kritik ak enstalasyon vil la pandan evènman ijans tankou Siklòn Sandy, pann kouran, ak lòt menas

OBJEKTIF NASYONAL: Avantaj pou Zòn Revni Ba ak Mwayen

XIII. LÒT KRITÈ PWOGRAM

[Chanjman nan Chapit XIII yo jwenn nan paj 171 pou rive 174 nan plan aksyon an.]

Plan Patisipasyon Sitwayen (CPP)

Sitwèb CDBG-DR

An akò ak egzijans CDBG-DR, Vil New York (City of New York) devlope epi ap kontinye kenbe yon sitwèb konplè sou tout aktivite ki resevwa finansman CDBG-DR. Vil la ap pibliye tout Plan Aksyon ak amannman sou sitwèb CDBG-DR Vil la (www.nyc.gov/cdbgdr) pou bay sitwayen yo opòtinite pou li epi fè kòmantè sou Plan an ak nenpòt amannman. Sitwèb sa a byen vizib epi fasil pou navige soti nan paj prensipal Rekiperasyon Vil la (www.nyc.gov/recovery).

Kòmantè sou Plan Aksyon an, ansanm ak lòt kòmantè oswa plent sitwayen yo, ka soumèt jan sa a:

- Pa imèl: CDBGComments@omb.nyc.gov
- Pa lapòs: Biwo Majistra pou Jesyon Bidjè, 255 Greenwich Street, 8yèm Etaj, New York, NY 10007
- Pa telefòn: 212-788-6130.

Avi Piblik ak Peryòd Kòmantè

Lè gen amannman nan Plan Aksyon an, Vil la ap swiv de pwosesis patisipasyon sitwayen:

- **Amanman Enpòtan:** Yon amannman Enpòtan defini kòm: yon chanjman nan avantaj pwogram nan, kalifikasyon oswa kritè eligibilite; alokasyon oswa reyalokasyon plis pase \$15 milyon; oswa ajoute/oswa retire yon aktivite. Pou amannman Enpòtan, pwosedi ki dekri anba a ap swiv.
- **Amanman Minè / Teknik:** Pou amannman ki pa satisfè definisyon yon amannman Enpòtan, Vil la ap notifiye HUD, men kòmantè piblik pa obligatwa.

Chak amannman, ke li Enpòtan oswa non, ap nimewote nan lòd sekans epi afiche sou sitwèb la.

Nan fen peryòd kòmantè a, Vil la ap revize epi reponn tout kòmantè yo. Repons sa yo ap enkli nan dokiman "Repons pou Kòmantè Piblik" Vil la, ki ap soumèt bay HUD ansanm ak Plan Aksyon an. Yon Plan Aksyon modifiye, ki enkli kòmantè piblik yo ak repons yo, ap pibliye sou sitwèb CDBG-DR Vil la.

Avi piblik ki anonse dat peryòd kòmantè pou amannman Enpòtan yo ap parèt nan jounal sa yo:

- Bronx Times Reporter
- Brooklyn Daily Eagle
- New York Daily News
- New York Post
- Newsday Queens Edition
- Staten Island Advance

- The Wave
- Journal nan lòt lang:
 - El Diario
 - Russkaya Reklama
 - Sing Tao Daily

Tanpri sonje ke HUD pa egzije ankò pou avi piblik ki gen rapò ak revizyon anviwònman yo pibliye nan journal. Olye de sa, Vil la ap pibliye avi sa yo nan *City Record*, tradui avi yo nan lang ki idantifye nan CPP sa a, epi afiche yo sou sitwèb CDBG-DR Vil la. Avi yo ap endike peryòd kòmantè ki asosye ak chak avi, ansanm ak enstriksyon pou konsilte Dokiman Revizyon Anviwònman yo.

Moun ki gen Limit nan Konpetans Anglè (LEP)

Yon Rezime Egzekitif pou chak amannman Enpòtan, ansanm ak avi piblik ki asosye yo, ap disponib an anglè epi tradui nan lang sa yo: Arab, Bengali, Chinwa (senplifye), Franse, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Polonè, Ris, Panyòl, ak Ourdou, an akò ak Lwa Lokal 30. Kopi dokiman sa yo ap afiche sou sitwèb CDBG-DR Vil la. Kopi an papye ap disponib sou demann. Vil la ap fè tout efò posib pou tradui epi konsidere kòmantè ki soumèt nan nenpòt lòt lang, nan delè ki etabli a.

Moun ki gen Andikap

Kopi papye Rezime Egzekitif Plan Aksyon yo ap disponib an gwo font (gwo 18 pwen) sou demann. Materyèl sou entènèt yo ap disponib tou pou moun ki gen pwoblèm vizyèl. Pou plis enfòmasyon sou kijan moun ki gen andikap ka gen aksè ak fè kòmantè sou Plan Aksyon an, rele 311 oswa, si w ap itilize TTY oswa Telefòn Tèks, rele (212) 504-4115.

Plan Aksyon Final ki Apwouve pa HUD

Lè HUD apwouve Plan Aksyon an, li ap pibliye sou sitwèb CDBG-DR Vil la. Kopi Plan Aksyon Final la ap disponib tou sou demann.

Repons pou Plent Sitwayen

Vil New York (City of New York) ap bay yon repons alekri pou chak plent ki gen rapò ak sibvansyon CDBG-DR la nan lespas kenz (15) jou travay apre li resevwa plent lan, si sa posib.

Revizyon Pèfòmans

Egzijans pou soumèt yon Rapò Evalyasyon Pèfòmans (PER) pa aplikab pou pwogram CDBG-DR. Kòm altènativ, Vil la dwe prepare, mete disponib pou revizyon piblik, epi soumèt bay HUD Rapò Pèfòmans Trimestriyèl (QPR) pa pita pase trant (30) jou apre chak fen trimès. QPR yo dwe kontinye soumèt jiskaske tout fon yo depanse. QPR yo ap itilize sistèm HUD pou Rapò Sibvansyon Rekiperasyon Katastwòf (DRGR) epi ap pibliye sou sitwèb Vil la nan lespas twa (3) jou apre soumèt yo.

Odyans Piblik

Depi 21 jen 2022, odyans piblik pou amannman Enpòtan yo pa egzije ankò (gade [87 FR 36869, Seksyon III](#)). Sepandan, Vil la ap konsidere òganize odyans piblik sou baz bezwen. Si yo pwograme yon odyans, Vil la ap mete yon kantite limite kopi tradui Rezime Egzekitif Plan Aksyon an disponib nan 10 lang ki espesifye nan CPP sa a. Kopi dokiman sa yo ap kontinye disponib sou sitwèb Vil la.

Sèvis entèpretasyon nan lang ki idantifye nan CPP sa a ap disponib pou odyans yo sou demann senk (5) jou anvan odyans lan. Vil la ap fè efò rezonab pou bay sèvis entèpretasyon nan lòt lang sou demann tou.

Rekonstwi pa Konsepsyon

Vil la te resevwa finansman pou de pwojè Rekonstwi pa Konsepsyon: Rezilyans Kotyè Kote Lès (East Side Coastal Resiliency, ESCR) ak Pwojè Rezilyans nan Hunts Point (Hunts Point Resiliency Project, HPRP). Pwojè sa yo te chwazi atravè yon pwosesis konpetitif pa HUD e yo te enkli pwosesis patisipasyon kominotè ki te transparan ak enklizif.

Vil la te deja etabli Plan Patisipasyon Sitwayen apa pou chak pwojè RBD. Sepandan, apati jen 2025, Vil la ap itilize yon sèl CPP pou *tout* amannman Enpòtan, kèlkeswa si chanjman an konsène yon pwojè RBD oswa ou pa. Nouvo CPP sa a pi konplè pase CPP endividyèl yo (pa egzanp, pou HPRP, Vil la pral tradui dokiman yo nan 10 lang olye sèlman panyòl, epi ap pibliye avi piblik nan 10 jounal olye twa), e konsa li satisfè egzijans patisipasyon sitwayen HUD yo.